

**PANGAJARAN NGANALISA UNSUR NGAWANGUN PUISI ANU
MUSEURKEUN KANA UNSUR MÉNTAL NGAGUNAKEUN METODE
MEANS ENDS ANALYSIS (MEA) KA SISWA KELAS X SMA PASUNDAN 1
BANDUNG TAUN PANGAJARAN 2017/2018**

ku

Yuliana

NIM 145030127

RINGKESAN

Metode Means Ends Analysis (MEA) nya éta metode anu dianggo panalungtik dina palungtikan ka siswa dina nganalisa unsur ngawangun puisi anu museurkeun kana unsur méntal. Hasil ti panalungtikan anu panalungtik lakukan, tiasa dibandingkeun tina hasil prates jeung postes anu dibérékeun ka siswa kelas X. 1) Panalungtik mampuh ngarancang, ngalaksanakeun ngajén pangajaran kalawan bener. Éta hal dibuktikeun ku meunangkeun niléy tahap ngararancang nya éta 3,67 jeung niléy rata-rata pikeun kagiatan pelaksanaan 3,71. 2) Siswa Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung mampuh nganalisa unsur ngawangun puisi anu museurkeun kana unsur méntal. Ieu hal tiasa dibuktikeun tina hasil prates ka kelas eksperimen nu rata-rata 33,8 jeung hasil postes nu rata-rata 74,8. Hasil pretes di kelas kontrol nu rata-rata 48,2 jeung postes nu rata-rata 67. 3) Metode Means Ends Analysis (MEA) epektip dianggo dina pangajaran nganalisa unsur ngawangun puisi anu museurkeun kana unsur méntal kana siswa kelas X SMA 1 Bandung. Ieu hal tiasa dibuktikeun indeks skor gain yen dina kelas eksperimen mayoritas résponden 68% jeung ka kelas kontrol 0,0 %. Hartosna metode Means Ends Analysis (MEA) langkung epektip antawisna metode peta pikiran. Hasil diajar antara siswa kelas eksperimen dan kelas kontrol bisa ditinggal dina hasil prates pikeun 33,8 dan postes pikeun 74,8, salajeungna prates kontroln pikeun 48,2 dan postes pikeun 67. 4) Metode Means Ends Analysis (MEA) langkung efektif dibandingkeun metode peta pikiran dina pangajaran nganalisisa unsur ngawangun puisi anu museurkeun kana unsur méntal, atos kabuktian yén metode Means Ends Analysis (MEA) sangkung saé dibandingkeun metode peta pikiran. Ieu hal kabukti dina rumus uji dua rata-rata yén H_0 ditampik jeung H_a ditarima. Tiasa diputuskeun berdasarkeun hasil panalungtikan diluhur nyaeta yen dina pangajaran nganalisisa unsur ngawangun puisi anu museurkeun kana unsur méntal ngagunakeun metode Means Ends Analysis (MEA) ka siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2017/2018 diseubatkeun junun kalawan sae.

Kecap Galeuh: Metode Means Ends Analysis (MEA), nganalisa, pangajaran, puisi.